

Lavi prive ou enpòtan pou nou. Nou konpile epi mete ajou politik konfidansyalite vi prive sa a pou li pi byen ede moun ki enkyete yo sou kijan 'Enfòmasyon Pèsonèl Idantifyab' (Personally Identifiable Information, PII) yo ap sèvi sou entènèt. PII, jan yo esplike li nan lwa ameriken sou konfidansyalite vi prive ak sekirite enfòmasyon, se enfòmasyon ki ka sèvi poukont yo oswa ak lòt enfòmasyon pou idantifye, kontakte oswa lokalize yon moun. Tanpri li politik konfidansyalite vi prive nou an byen pou w byen konprann kijan nou ranmase, sèvi, pwoteje oubyen jere Enfòmasyon Pèsonèl Idantifyab ou annakò avèk sitwèb epi aplikasyon Count the Kicks! nou an.

Ki enfòmasyon pèsonèl nou ranmase sou moun ki vizite sitwèb ak aplikasyon Count the Kicks! nou an?

Lè ou kreye yon pwofil sou aplikasyon nou an, jan sa dwe fèt, yo ka mande ou rantre non w, adrès imèl ou, kòd postal ou, nimewo telefòn ou ak lòt detay pou ede ou nan eksperyans ou a.

Lè ou fè yon don oswa lè ou kòmande materyèl sou sitwèb nou an, jan sa dwe fèt, yo ka mande ou rantre non w, adrès imèl ou, adrès postal ou, nimewo telefòn ou ak lòt detay pou ede ou nan eksperyans ou a oswa pou voye materyèl edikatif pou ou.

Kilè nou ranmase enfòmasyon?

Nou ranmase enfòmasyon nan men ou lè ou kreye yon pwofil oswa lè ou rantre enfòmasyon sou sitwèb oswa nan aplikasyon nou an. Kijan nou sèvi ak enfòmasyon ou yo?

Nou ka sèvi ak enfòmasyon nou ranmase nan men ou lè ou kreye yon pwofil, enskri pou resevwa bilten enfòmasyon nou an, reponn a yon ankèt oswa kominikasyon maketin, oswa lè ou sèvi ak sèten lòt fonksyonalite sit la nan fason sa yo:

- Pou pèmèt nou sèvi ou pi byen nan reponn rekèt sèvis kliyantèl ou yo
- Pou pèsonalize eksperyans ou epi pèmèt nou bay kalite kontni ou plis enterese nan li a
- Pou jere yon pwomosyon, ankèt oswa lòt fonksyonalite sit la
- Pou mande pou evalye nou ak pou pataje kritik sou sèvis oswa pwodwi yo
- Pou fè swivi avèk ou apre korespondans (demann pa imèl oswa nan telefòn) Kijan nou pwoteje enfòmasyon ou yo?

Yo verifiye sitwèb nou an regilyèman pou fay sekirite ak vilnerabilite yo konnen pou vizit ou sou sit nou an sa fèt ak leplis sekirite posib. Nou sèvi ak Siveyans Pwogram Malveyan.

Enfòmasyon pèsònèl ou yo estoke dèyè rezo sekirize epi aksesib sèlman pa yon kantite limite moun ki gen dwa daksè espesyal sou sistèm sa yo epi ki gen egzijans pou kenbe enfòmasyon yo konfidansyèl. Nou mete anplas plizyè kalite mezi sekirite lè yon itilizatè rantrè, soumèt oswa aksede a enfòmasyon yo pou asire sekirite enfòmasyon pèsònèl ou yo.

Tout tranzaksyon trete atravè yon founisè sèvis aksè epi yo pa estoke ni trete sou sèvè nou yo.

Divilgasyon bay pati ekstèn

Nou **pa** vann, fè echanj ni transfere Enfòmasyon Pèsònèl Idantifyab ou yo bay tyès pati. Lyen patiekstèn

Yon fwa konsa, lè nou jije sa apwopriye, nou ka mete oswa ofri yon pwodwi oswa sèvis ekstèn sou aplikasyon nou an. Sit ekstèn sa yo gen politik konfidansyalite vi prive yo ki apa epi endepandan. Kidonk nou pa gen okenn angajman oswa responsabilite pou kontni ak aktivite nan sit ki lye sa yo. Sepandan, nou chèche pwoteje entegrite sit nou an epi nou byen kontan resevwa nenpòt opinyon ou ta vle pataje konsènan sit sa yo.

Règleman Jeneral sou Pwoteksyon Done ann Ewòp (General Data Protection Regulation, GDPR)

GDPR rantrè anvigè 25 me 2018 epi kontwole jan nou tabli relasyon ak kliyan nan Inyon Ewopeyèn. Nou swiv etap sa yo pou asire respè GDPR:

- Nou mete ajou politik konfidansyalite vi prive sa a pou li sa konfòm ak GDPR.
- Nou voye kominikasyon pa imèl bay lis imèl nou an pou enfòmasyon yo sou mizajou sa yo.
- Nou pral rapòte nenpòt fay nan done pèsònèl ewopeyen bay regilatè Inyon Ewopeyèn (UE) a nan 72 èdtan.
- Nou respekte egzijans pou sekirize sistèm ak done avèk pwogram sekirite ki gen pi bon pratik.
- Nou gen kapasite pou aksepte rekèt pou egzèsè dwa yon moun pou aksede, korije, efase epi transfere enfòmasyon pèsònèl.
- Nou gen kapasite pou aksepte rekèt yon moun pou mete restriksyon oswa pa dakò pou tretman done pèsònèl epi pa dakò pou nenpòt desizyon baze sèlman sou tretman otomatize done pèsònèl.

Lwa Kalifòni sou Pwoteksyon Vi Prive sou Entènèt (CalOPPA)

CalOPPA se premye lwa eta nan peyi a ki egzije sitwèb komèsyal ak sèvis sou entènèt pou pibliye yon politik konfidansyalite vi prive. Selon CalOPPA, nou dakò sou bagay sa yo:

- Itilizatè yo ka vizite aplikasyon nou yo yon fason anonim.
- Ou ka jwenn politik konfidansyalite vi prive sa a sou sitwèb nou an, www.countthekicks.org. Yo pral enfòmè ou sou nenpòt chanjman nan Politik Konfidansyalite Vi Prive a sou Paj Politik Konfidansyalite Vi Prive nou an.
- Itilizatè yo ka chanje enfòmasyon pèsònèl lè yo konekte sou kont yo.

Kijan sitwèb nou an jere mesaj Pa Lokalize yo?

Nou respekte mesaj Pa Lokalize yo epi nou Pa Lokalize, mete "cookies" oswa sèvi ak reklam lè gen yon mekanis Pa Lokalize sou navigatè a ki anplas.

Nou pa pèmèt pou tyès pati fè swivi sou konpòtman..

COPPA (Lwa sou Pwoteksyon Vi Prive Timoun sou Entènèt)

Lè sa gen rapò ak ranmase enfòmasyon pèsònèl sou timoun ki gen mwens pase laj 13 lane, Lwa sou Pwoteksyon Vi Prive Timoun sou Entènèt (Children's Online Privacy Protection Act, COPPA) bay paran yo kontwòl. Komisyon Federal Komès (Federal Trade Commission), ajans ameriken pou pwoteksyon konsomatè, ranfòse Règ COPPA a, ki di kisa operatè sitwèb ak sèvis sou entènèt yo dwe fè pou pwoteje vi prive ak sekirite timoun sou entènèt.

Nou pa vann espesyalman a timoun ki gen mwens pase laj 13 lane. Pratik Ekitab pou Tretman Enfòmasyon

Prensip Pratik Ekitab pou Tretman Enfòmasyon yo se chapant lalwa sou konfidansyalite vi prive nan Etazini epi konsèp ki gen ladan yo jwe yon wòl enpòtan nan devlopman lwa sou pwoteksyon done toupatou nan monn lan. Konprann Prensip Pratik Ekitab pou Tretman Enfòmasyon yo epi kijan yo ta dwe mete yo anplas enpòtan anpil pou respè divès lwa sou konfidansyalite vi prive ki pwoteje enfòmasyon pèsònèl.

Pou nou aliyen ak Pratik Ekitab pou Tretman Enfòmasyon, nou pral fè ou konnen pa imèl nan lespas 1 jou ouvrab si ta gen yon vyolasyon nan done yo.

Nou dakò tou sou Prensip Reparasyon Endividyèl la ki egzije pou moun gen dwa pou yo pran aksyon legal pou reklame dwa aplikab yo kont moun k ap ranmase epi trete done yo ki pa respekte lwa a. Prensip sa a egzije pou non sèlman moun gen dwa aplikab kont itilizatè done yo, men tou moun sa yo gen rekou devan tribinal oswa devan ajans gouvènman pou ankete ak/oswa mennen devan lajistis moun k ap trete done ki pa konfòme yo ak dwa sa yo.

Lwa CAN SPAM

Lwa CAN-SPAM se yon lwa ki fikse règ pou imèl komèsyal, tabli egzijans pou mesaj komèsyal, bay moun k ap resevwa imèl yo dwa pou kanpe imèl yo ap resevwa yo epi mande sanksyon ki di pou vyolasyon yo.

Nou pran adrès imèl ou pou:

- Voye enfòmasyon, reponn demann ak/oswa lòt rekèt oswa kesyon
- Vann bay lis imèl nou a oswa kontinye voye imèl bay kliyan nou yo apre premye tranzaksyon an fèt.

Pou nou annakò ak CANSPAM, nou dakò sou bagay sa yo:

- Pa sèvi ak sijè oswa adrès imèl ki fo oswa ki twonpe.
- Idantifye mesaj la kòm yon reklam yon fason ki plizoumwon rezonab.
- Mete ladan adrès fizik biznis oswa syèj sosyal nou.
- Swiv sèvis maketin pa imèl tyès pati yo pou konfòmite, si gen youn k ap sèvi.
- Respekte rekèt pou sòti/koupe abònman rapidman.
- Pèmèt itilizatè yo anile abònman yo apati yon lyen ki anba chak imèl.

Si a nenpòt moman ou ta renmen anile abònman pou pa resevwa imèl alavni oswa si ou gen kesyon sou politik konfidansyalite vi prive sa a, ou ka voye yon imèl pou nou nan info@countthekicks.org.

Kontakte Nou:

PO Box 71093

Clive, IA 50325

United States

info@countthekicks.org

515.523.5666

Dènye Modifikasyon 25-5-2018